



# EPATIT B – FÈY ENFÒMASYON POU PASYAN

Dokiman sa bay enfòmasyon senp pou ede ou konpran epatit B: kijanw ka pranl, kijan pou pwoteje tèt ou, ak saw pouw fè si ou genyen maladi sa.

## KISA EPATIT B YE?

Epatit B se yon maladi ki atake fwa yon moun. Se yon viris ki ka bay moun maladi sa.

## KÒMAN YON MOUN KA KONEN SIL GEN EPATIT?


Anpil moun ki gen epatit B (sitou timoun piti) pa sanble malad donk yo pa konnen si yo genyen maladi sa. Lè yon moun malad avèk virus sa, moun sa oswa moun ki proch li ka wè ke li genyen:

- Je oswa po ki vin jòn (lajònis)
- Doulè nan vant (sou bò dwat anwo)
- Fatig ekstrèm
- Kè plen oswa vomisman ki pa sispann
- Pipi fonse oswa pou pou ki pal
- Lafyè ki pa pase
- Doulè nan jwenti
- Ou pèdi apeti



## KI EMPÒTANS FWA GENYEN?

Fwa ede netwaye san, estoke enèji, epi ede dijasyon. Si fwa a enfekte pandan lontan, li ka vin domaje. Sa ka mennen nan pwoblèm grav tankou siwoz (ki ka fè fwa pa ka fè travay li byen ankò) oswa kansè nan fwa.



## GEN 2 KALITE EPATIT B

- Epatit B kout (egi): Dire mwens pase 6 mwa. Anpil granmoun ka geri san medikaman.
- Epatit B ki dire lontan (kwonik): Dire plis pase 6 mwa. Souvan moun ki gen yen pa malad, men li ka domaje fwa a ak tan.

## KIJAN MOUN PRAN EPATIT B?

- Manman bay tibebe pandan akouchman
- Rapò seksyèl san kapòt oswa kontak avek san yon moun ki genyen maladi sa
- Pataje zegwi oswa sereng

Yon moun paka pran virus sa sil kenbe men moun ki malad ak viris la oubyen si moun ki malad la touse oswa estene

## KIJAN POU PWOTEJE TÈT OU AK FANMI OU? Prekosyon pa kapon

### SIW GENYEN MALADI EPATIT B

- Al wè doktè regilyèmanl e pale ak doktè pouw teste kont epatit A e poul baw vaksen siw beswen
- Pran medikaman jan doktè a di ou
- Pa bwè alkòl ni melanje dwòg ak alkòl
- Itilize kapòt pandan rapò seksyèl
- Pa pataje zegwi, razwa, oswa bwòs dan
- Kouvri maleng ou byen
- Fè fanmi ak patnè seksyèl ou teste pou viris la. Si yo pa genyenl, enkouraje yo pran vaksen an

### SIW PA GEN MALADI EPATIT B

- Pran vaksen kont epatit B: Li bay an plizyè dòz epi li pwoteje pandan anpil ane.
- Swiv règ sekirite siw travay nan pati sante (enfimyè, doktè, moun ki travay nan pati kote yo ka gen kontak ak san lòt moun)

## TRETMAN

- Pou epatit B kout la: Souvan pa bezwen medikaman, men doktè ap swiv ou.
- Pou epatit B ki dire lontan an: Gen medikaman ki ede kontwole viris la epi pwoteje fwa a.

Avèk bon swivi ak prevansyon, ou ka viv yon lavi nòmal Si ou gen kesyon, pale ak pwofesyonèl sante ou.

[www.globalrestartsolutions.com](http://www.globalrestartsolutions.com)

[info@globalrestartsolutions.com](mailto:info@globalrestartsolutions.com)

470-389-5263

*Tailored solutions  
for lasting transformation*

